# Авар адабияталъул рагьараб дарс.

## Г1умарил Батирайил куч1дузулъ г1умруялъул г1унгут1аби къват1ир ч1вазари. «Рохьор г1аркьалабиг1ан» - кеч1алъул анализ.

Х1адурана: Буртабазул гъоркьохъеб
школалъул авар мац1алъул
ва адабияталъул муг1алим
Г1алиева Загьраца.

Директор БСОШ /Абдуев Р.А./

**Тема: Г1умарил Батирайил куч1дузулъ г1умруялъул г1унгут1аби къват1ирч1вазари. «Рохьор г1аркьалабиг1ан» - кеч1алъул анализ.**

**Дарсил мурадал: 1**. Ц1алдохъабазда щибаб миллатазул адабияталъулъ бук1араб г1умруялъул рит1ухълъи гьеч1олъи бич1ч1ин, гьеб Батирайил куч1дуздалъун бихьизаби, классикияб литература цебет1ей, зулмучаг1азул къарумлъиги, гьезул нахъег1анлъиги ц1алдохъабазда бич1ч1инаби.
**2**. Дагъистаниязул гьудуллъи – вацлъиялъул рахъ бихьизаби мискинхалкъалъул асаразулъ гьелъул кьуч1алда ц1алдохъабазул гьудуллъи щулалъи.
**3.** Г1акълу камил гьаби, ц1алдохъабазул калам ц1ебет1езаби.

**Дарсил алатал:**

1. т1ахьал
2. тетрадал
3. ручкаби
4. Батирайил х1акъалъулъ раг1и бугеб кассета
5. магнитофон
6. портрет авторасул
7. Батирайил раг1аби
8. карточкаби.
9. интерактивнияб доска.

## Дарсил план:

**I**. Байбихьи.
**II.** Дарсил мурадал аби.
**III.** Рокъобе кьураб ц1ехей. Гьелъие суалал.
**IV.** Бах1арчиясул х1акъалъулъ куч1дул ц1ехела.
**V.** Дарсил темаялда цебесеб накъит.
**VI.** Рич1ч1уларел раг1абазе баян.
**VII.** Анализ кеч1алъул.
**VIII**. Тема щулалъизабиялъе тест.
**IX**. Рокъобе х1алт1и.
**X**. Х1асил.

# Дарсил ин.

**I. Байбихьи** (х1еренабго бакъан, гьелда гьоркь Батирайил кеч1алъул бакъан).
Ц1алдохъаби г1одорч1ола, гьезулгун хъваш – баш гьабила, ц1ар бицина.

**II. Дарсил мурадал абила, гьел т1уразаризе квер бахъула гьарулел х1алт1абаз.**

**III. Рокъобе кьураб ц1ехей.**

Гьелъие саулал – ц1алдохъаби бит1ун абуралда т1ад рекъола, мекъаб нахъч1вала.

1. Г1умарил Батирай кола даргиязул шаг1ир. (у).
2. Гьес г1умру гьабун бук1ана XVIII г1асруялда. (гуро).
3. Гьев гьавуна Лак районалъул Хьурахъи росулъ. (гуро, Сергохъала росулъ).
4. Гьесул творчество лъабиде бикьизе бегьула. (у).
5. Гьесул асаразулъ аслияб бак1 ккола ч1ужуг1аданалъул, бах1арчилъиялъул ва рук1а – рахъиналъул темабаз. (у).
6. Г1умарил Батирайица кеч1 хъвалаан, амма ах1улароан. (гуро).
7. Бегавулас ва гьесул чукъбуз г1арацги кьун босана оц Батирайил кеч1 раг1инелъун. (гуро).
8. Гьаб каламалъулъ х1алт1изабун буго метафора
   Биун т1ураб чайдуца
   Чапулеб чакар г1адин. (гуро, дандекквей).
10. Бах1арчиясул х1акъалъулъ куч1дул хъван руго 11 гьижаялда. (гуро).
11. Батирайица абулеб буго бах1арчиясе бусен х1улул бук1ине кколин. (гуро, т1олго ракь).
12. Батирай вукъун вуго росдал хабалалъ. (гуро, Аямахьиколода).

**IV. Бах1арчиясул х1акъалъулъ куч1дул ц1ехела.**

Хурхинабила К1удияб Ват1анияб рагъул темагун.
Бах1рчиясул образ г1ат1идго рагъун буго Батирайица.
**Г1адан инсанас гуребги, жибго т1абиг1аталъцин гьабула гьесул х1урмат, муг1руз, щобаз, ракьалъ гьесие къуват кьола, ва гьесие хъулухъалъе ч1ола.**
Ват1аналде ккараб къо бач1ани, бараб ах1улъ т1оцеве вук1уна ва цогидазул талих1алъе г1оло къеркьола.

**Дур ч1ег1ерал чакмаби**
**Баг1ар бидул ц1еч1ого,**
**Щ1азе гьеч1о мун нахъе**
**Хъач1ав тушман цеве тун.**

**V. Дарсил темаялда цебесеб накъит.**

Батирайил бах1арчиясул образ г1асрабаз ц1унун хут1ила, щай гурелъул гьес ракьалдаса т1екълъиги, рагъги нахъе къот1изе кколелъул.

Гьес кумек гьабила нилъее жакъасеб дарсил темаялъулъ рит1укълъи балагьизеги, зулмух1алалъул рахъал нахъч1вазеги.

Жакъа нилъеца Батирайил Щ1алила «Рохьор Г1аркьалабиг1ан…» - **кеч1 ц1алила ц1алдохъабигун.**

**VI. Рич1ч1уларел раг1абазе баян.**

**Тепси** – ниг1матал г1уц1араб стол.
**Зулпукъар –** Г1.салам аварагасул дурц Г1алил хвалчада ц1ар.
**Сиях1 –** список.
**Магъало** – мухь бахъи, т1ад лъураб харж.
**Ччех1аб –** х1алакъаб, ц1акъго къабих1аб, мукъсанаб.

**Давлачаг1и –** чабхъадулал.
**Чагур –** музыкалияб алат.
**Огоб –** рожь, ролъул цо тайпа.

**VII. Анализ кеч1алъул.**
Тема кинаб бугеб коч1ол?
**Тема – щиб кколеб? баян.**
**Тема**: Мискинзабазул нахъе ккараб г1умру, бечедазул къарумлъи.
Роцен: Силлабияб 7 гьижаялъул.
Рифма жанисеб.
Аллитерация.
Ассонансал.
Асаралъул мац1, сипатиял раг1аби, дандекквеял рати.
Метафораби рати.

Коч1ол хаслъи: сапаралъул формаялда хъван бук1ин, диалогалъул рахъаз хас гьабун къимат кьола багьадуразе.

Аслияб пикру коч1ол: бечедал, амма къунт1ал, къабихлал чаг1и къват1ирч1вазари, гьудуллъун рик1к1уневщинав чи гьудул вук1унареблъи.

Кицаби гьудуллъиялъул х1акъалъулъ.
Гъвет1 кьалбаздалъун щулалъула, г1адан гьудулзабаздалъун.
Г1урусалдасан: Не имей сто рублей, а имей сто друзей.
Рагъда чуги балагь бач1аралъув гьудулги лъала.

Кеч1 кинаб кколеб, сатирикиял рахъал ругищ гъорлъ?
Сатира щиб кколеб?
Критикияб реализм бугищ гьаниб?
Х1акъикъат къват1иб ч1вазаби.
Реализм щиб кколеб?

**VIII. Щ1алун лъуг1ун хадуб тест тема щулалъизабиялъе.**
1). Гьаб кеч1 авар мац1алде таржама гьабуна Ах1мад Х1амзатовас.
Батирайил творчествоялъул к1удияб к1вар буго даргиязул адабияталъе ва дагъистаналъул т1олго литератураялъе.
Э.Капиевас ва Наталья Капиеваль г1урус мац1алде руссинарурал куч1дул ц1алигун мухъилаб Максим Горькияс абуна: «Они настолько хороши, что вряд ли литературная обработка сделает их лучше»
Чародеем слова, духовным солнцем своего народа назвал Омарла Батырая Расул Гамзатов.

**1. Тестал.**
1. Х1арщ г1адаб ч1ег1ерчедги – абураб раг1абазул дандраязулъ кинаб сипатияб раг1и х1алт1изабун бугеб?
   а). Метафора.
   б). Дандекквей.
   в). Гипербола.

2. «Рохьор г1аркьалабиг1ан ...» абураб кеч1 рик1к1ине бегьула
   а). Рокьул куч1дузулъе
   б). Бах1арчиясул х1акъалъулъ ругел куч1дузулъе.
   в). Г1умруялъул г1унгут1аби рихьизарулезде гъорлъе.

3. Сатира кола:
   а). Квешал рахъал, инсанасул г1унгут1аби къват1мрч1вазари.
   б). Щцидалаб гуреб релъи.
   в). Иш ц1акъго к1одо гьаби.

3. Коч1ол тема хъвай.
4. Идея баян гьабе.

**2. Дарс г1амлъизабила, суалал кьела.**
1. Жакъасеб нилъер дарсил тема щиб?
2. Батирайица рихьизарулел г1умруялъул г1унгут1аби ратанищ нилъеда?
3. Кинал литературияб теориялъулал рахъал нилъеца рак1алде щвезарурал?
4. Рук1анищ аваразул Батирайил заманалда гьебго темаялда х1алт1улел шаг1ирзаби?
5. Кинаб къисмат гьезул ккараб?

**IX. Рокъобе х1алт1и.**
Гьединабго темаялда кьураб «Дица кеч1 ах1улаан» кеч1алъул анализ гьабизе.

**X. Х1асил.**
Ц1алдохъабазе къиматал лъела.
Баркала киназего!